

**JOURE MANMAN YOUN MOUNN**  
**ORIJIN:**  
**KOLANGÈT-KOLANGIT-KONNIFLÈT**  
 AK : JEAN JULIEN

Si youn jou ou t'a kanpe devan youn Ayisyen pou ta joure manman-l; ou ta pèdi kat marènn ou. Ayayay ! Adje Bondye ! Lè sa-a, sa w 'ta pran se pa-w. Sa kapab mennen goumen, mennen batay, menm rive mennen lanmò. Epoutan ou pral ri gagann deboutonnen lè w'apran kote mo 'koulangèt' la soti. Youn mo ki pa gen okenn betiz ladan, youn mo ki pa gen okenn rapò e ki pa gen anyen arevwa avèk "zafè" youn fanm.

Nan finisman lane 1950 yo, o Kap, mwen te nan konmansman laj 20 tan konsa. A laj sa-a, kòm jenn gason, se tou natirèl pou m'te fouyapòt, pou m't'ap mache poze kesyon, defason pou m'te rive konprann milye nan mitan mounn kote m'tap viv-la.

Mwen te gen youn bon zanmi kite rele Mèt Orèl Ipolit (*Aurèle Hyppolite*). Malgre l'te gen plis pase 70 zan, Pè Orèl, se konsa l'te vle m'rele-l, te rete jenn gason. Mwen sonje jou m'te gen 24 an, mwen t'al wè-l. Lè l'fin di-m "Bòn Fèt" li kontinye pou l'di-m : "Jean, fòk ou blije al dousman, eseye pa rive pi wo, paske jou ou rive gen 30 tan nou p'ap zanmi ankò paske lè sa w'ap twò granmounn pou mwen". Sa ka montre w ki tanperaman ak ki jan de mounn Pè Orèl te ye.

Pè Orèl te aprann mwen anpil bagay sou sa k'te pase nan tout peyi-a, sa k'te pase nan depatman Nò-a sitou nan vil o-Kap denpi lane 1915 jouk rive nan lane 1934, ki vle di pandan tout tan blan meriken te okipe peyi-a. Li te pale-m de Chabè / (*Chabert*)(1), youn kan blan meriken yo te monte nan zòn bò Tèryewouj, Karakòl ak TwoudiNò.

Li te pale-m de prezidan Sid Datignav / (*Sudre Dartiguenave*), prezidan Lwi Bòno / (*Louis Borno*) ak prezidan Stenyo Vensan / (*Sténio Vincent*) kouman yo te kondi bak yo epi ki wòl yo te jwe sou lokipasyon. Pè Orèl te ban-m bonkou detay sou kòve, sou kako, sou vizit prezidan meriken-an Franklen D. Wouzvèl / (*Franklin D. Roosevelt*) te fè o-kap. Li te rakonte-m anpil sou Chalmay Peral / (*Charlemagne Péralte*). Sepandan li pa t'dakò ditou ak razya kako yo te konn fè lè yo te sòti nan mòn pou desann nan zòn bò Grann RivyèdiNò ansanm ak zòn bò Dondon pou y'al jouk nan mache devalize malèrèz peyizàn yo, pran lajan yo ak tou sa yo te genyen.

Youn apremidi pandan Pè Orèl t'ap rakonte-m anpil nan sa k'te pase pandan pwemye okipasyon peyi-a, toudenkou li mande-m : « Jan /*Jean*, èske ou konnen kote mo 'koulangèt' la soti ? Mwen reponn : « O! Pè Orèl, sa k'pase-w jounen jodi-a, se pa w'ap di mo sal ? » Li ri kwa! kwa! kwa! Li di-m : « Men non monchè, se youn erè anpil mounn fè lè yo kwè gen youn rapò ant 'koulangèt' ak "nati" fanm. Nanpwen sa pyès! Lè sa-a m'kare kòm mwen chita paske m'wè koze mande ti chèz, enpi m'kouri mande-l. : "Men Pè Orèl kote mo 'koulangèt' la soti ? »

Men sa m'te pran jou sa-a anba bouch Pè Orèl : « Te gen youn gwo lagè kite eklate an Ewòp nan lanne 1914 ki te dire jouk nan lanne 1918. Lagè sa-a ki rele pwemyè gè mondyal nan liv listwa yo. Kòm nan tan sa-a pòtko genyen mitrayèz, se ak fizi ak bayonèt solda yo te konn goumen. E se youn aprè lòt solda yo te oblije mete bal anndan kilas fizi yo aprè sa pou yo tire. Kom kilas anndan youn fizi se an fè l'ye, apre kèk bal kilas fizi yo te vin sitelman cho yo te boule men solda yo. Nou pa bezwen mande si sa te kreye youn gwo pwoblèm. Se konsa yo te rive envante youn pyès yo te rele <<*cooling gate*>> an angle. Grasa pyès sa-a yo te mete anndan kilas fizi yo sa lakòz yo pa t'chofe ankò.

Kòm nan tan sa-a peyi-a te sou lokipasyon, blan meriken yo ki t'ap monte youn fòs lame anvan yo kite peyi-a te voye chèche youn kagèzon *cooling gate* yo te mete anndan fizi yo t'ap antrene solda

ayisyen yo, youn jan pou anpeche fizi yo chofe. Eske pyès *cooling gate* la te genyen youn ti tèt ki te fè-l sanble ak <zafè>youn fanm ? Antouka, se sa Ayisyen te konprann. Konsa, li pa t'pran tan pou mo angle *cooling gate* la te vin transfòme nan bouch solda ayisyen yo pou te tounen 'kou-langèt' an kreyòl. San pran tan mo sa-a te vin tounen youn nan pi gwo jouman, youn nan pi gwo betiz ou ka di youn mounn.

Mo 'koulangèt' la pa te rete konsa. Li vin evolue. Jounen jodi-a ou gen 'koulangit'. Malgre 'koulangit' gen menm rasin ak 'koulangèt' li pa youn mo sal. Se sa ki fè li nan bouch tout mounn. Yo sèvi ak 'koulangit' fasilman nan plas 'wi fout !, tonnè !, koumatiboulout !, ayayay !. wawou !, ololoy !, koumanman !, komabo ! wipip ! An plis de sa, fòk nou konnen sou pwemye lokipasyon meriken an te genyen anpil **kòn flèks** / *corn flakes* kite rantrè nan peyi a. **Kòn flèks** se youn espès pèpèy mayi yo anbale nan youn ti sachè. Se youn melanj **kòn flèks**, sik ak lèt yo te konn sèvi solda meriken lematen kòm dejnen.

Li pa t'pran tan pou Ayisyen yo te pran **kòn flèks** vire l an 'konniflèt'. Nan tan sa-a, sete de pi gwo jouman youn mounn k'ap noble-w se lè l'tweze-w pou l'di-w 'konniflèt manman w' oubyen 'koulangèt ....-w'.

Si 'koulangèt' toujou rete, 'konniflèt', kòm jouman, disparèt nan vokabilè kreyòl la. Jounen jodi ou pa tandè-l ankò.

Ou kapab wè ni 'konniflèt an-an-w' ni 'koulangèt an-an w'. pa vle di anyen. Apati jounen jodi a, si youn mounn kwè l'ap manke-w dega lè l'voye youn nan mo sa yo nan figi-w, pa okipe-l, jis gade-l enpi souri.

\* Malgre tout chèche m chèche, mwen pa rive twouve pèsoun mounn pou di-m kote Chabè /*Chabert* ye egzaktèman.

**De: Eddy Garnier**

Beau petit poème  
 Je chasse des flocons de souffle  
 C'est toi que j'attrape.

Bèl ti pawoli-m  
 M'ap chache enspirasyon  
 Epi m'tonbe sou wou.

Tous ces immigrants  
 L'autobus est transformé  
 En tour de Babel.

Tout kalite mounn  
 Nan bis la ap pale  
 Myanm myanm kaka chat.

Des visages mats polis  
 D'autres très glacés  
 Conversent en silence.

Youn bann figi di ap ri  
 Ak bann lot vivi  
 Ap pale san pawol.

L'autobus s'arrête  
 Le gamin mord à pleine dent  
 Sa poupée de toile.

Otobis la kanpe  
 Ti nonm nan bay youn kout dan  
 Zwing nan poupe twèl la.

Sur le banc d'en face  
 Une enfant de race noire  
 Sourit au bébé noir.

Sou ban lot bo-a  
 Youn ti moun nwa k ap ri ak  
 Youn ti bebe nwa.

Un petit sourire  
 Un autre petit sourire  
 Le moteur ronfle.

Li ban-m youn souri  
 Youn lot ti souri anko  
 Otobis la ap wonfle.

Seulement depuis peu  
 Nous nous endormons souvent  
 Bercés par le souffle.

Pa gen tro lontan  
 Depi n ap domi tout tan  
 Nan otobis la.

A chaque arrêt  
 Monte une mère noire  
 Un bébé au bras.

Nan chak arè" bis la  
 Youn fanm nwa toujou monte  
 Pitit li sou bra-l.

Ce matin d'été  
 L'autobus roule silencieux  
 Les mêmes passagers.

Nan sezon chalè"  
 Otobis ap roule dous  
 Menm figi moun yo.

Tout seul assis  
 Tant de cheveux blancs d'un coup  
 Sur cette tête si jeune.

Pou kont li sou ban an  
 Youn bann cheve blanch denkou  
 Li parèt si jenn.

A chaque arrêt  
 Descend une mère blanche  
 Et son bebe noir.

Kou bis la rete  
 Youn ti fanm blanch desann  
 Pitit nwa-l sou bra-l.

**Eddy Garnier**

**Tèks XXXIX (Pè Sèt) : Jozafa Laj**

Yè oswa sou teras lavi-a  
 nan youn rèv  
 m'tande yo di  
 larepiblik reyini pou laviktwa!

Drapo t'ap flote anlè  
 avèk onè-respè  
 zetwal t'ap deleye limyè nan syèl la  
 zèklè t'ap kannale desann  
 si w'konn alimèt bengal ki t'ap gaye  
 sou plas Jefra

Listwa t'ap vanse sou wou, kouraj  
 lo youn kantite timounn  
 t'ap kloure reyon  
 nan youn solèy tounéf

Yè oswa nan youn rèv  
 m'wè san asasen k'ap glise nan rigol  
 m'wè soufrans k'eklate an miyèt moso  
 m'wè mechanste k'tonbe tèt nanba  
 m'wè malfektè pandye nan kod  
 nan tout kalfou  
 m'tande jijman pou lajistis!  
 lavni te resi ap navige!  
 toutrèl t'ap jwe gita sout latè  
 kèk kretyen vivan t'ap respire bon lè  
 lè pwop  
 lè tibonm santi bon  
 nan youn rèv wi!  
 m'wè Kristof Kolon ki t'ap koule nan Lamerik  
 m'wè kolon kolonyalis  
 ki t'ap fè fon nan Matinik  
 batiman lespwa t'ap vanse sou dlo swa

**Jozaphat Robert Large**